


# Laraj

Fèy Enfòmasyon



Laraj se yon viris ki afekte sèvo ak mwèl epinyè. Laraj ra sou moun Etazini, men pi komen pami bèt sovaj yo nan Maine. Ou ka jwenn viris laraj la nan krache, sèvo, ak mwèl epinyè bèt ki enfekte yo.



Tout mamifè oswa bèt ki gen fouri ki ka pwodi lèt, ka genyen laraj. Gen kèk bèt tankou raton, moufèt, rena, ak chov-sourit gen plis chans pou pwopaje laraj. Laraj ra anpil pami ti rat yo, vaksinen bèt domestik, ak bèt jaden yo.

## Siy ak Sentòm yo



Fyèv




Maltèt



Santi w fatige anpil

Premye siy maladi laraj sou moun ka gen ladan tou panse ki pa klè ak enkyetid. Depi yon moun ki gen laraj kòmanse montre siy sa y, anjeneral yo mouri. Pifò moun kòmanse montre siy laraj nan lespas youn pou rive nan twa mwa apre yo fin enfekte si yo pa jwenn bon jan kalite tretman.

**Bèt:** Bèt ki gen laraj ka sanble timid, krentif, trebiche oswa sanble sou, vle di, kap brete, oswa amikal. Bèt ki gen laraj yo jeneralman aji nan fason dwòl depi viris la antre nan sèvo yo, men siy yo ka varye. Ou pa ka jis gade yon bèt pou di li gen laraj. Li ka pran de semèn pou rive nan kat mwa pou yon chat nan kay oswa chyen montre siy laraj apre li fin enfekte. Li enkoni sou konbyen tan li pran pou bèt sovaj yo montre siy.



Laraj pwopaje lè bèt ki enfekte mòde oswa grate yon lòt moun oswa bèt. Viris la ka pwopaje tou si krache oswa tisi ki soti nan mwèl epinyè yon bèt ki enfekte antre nan yon po ki grafouyen oswa bouch, nen, oswa zye.



Laboratwa sante piblik eta nan Augusta ka teste tisi sèvo yon bèt pou yo chèche konnen si li gen laraj. Nan sitiyasyon kote ou ekspoze avèk moun, Maine CDC ak Kontwòl Animal lokal ap detèmine bon jan kalite repons ak mezi kontwòl yo.

# Kisa pou fè si oumenm Oswa Bèt domestik ou te ekspoze

Si oumenm oswa bèt domestik ou te gen kontak avèk yon bèt sovaj oswa yon bèt ou pa konnen, ou ta dwe:



- Netwaye blesi a byen avèk savon ak dlo



- Rele doktè w. Yo ka ede deside si ou bezwen tretman.
- Rele Ofisye Kontwòl Animal Vilaj ou (ACO) si bèt kap atake a se yon chat oswa chyen.\*
- Rele Gad Chas-lokal ou si bèt ki atake a sovaj. \*\*
- Rele veterinè w ak ACO lokal ou si bèt domestik ou an pran yon kout dan oswa grafouyen alaswit yon atak avèk yon bèt.

\*Kontakte ACO lè ou rele biwo vilaj la oswa lapolis eta/lokal.

\*\* Kontakte Gad Chas-lokal lè ou rele lapolis eta oswa sant ekspedisyon w ki pi pwòch.

## Tretman Imen



Tretman pou moun ki te ekspoze nan maladi laraj se yon konbinezon vaksen laraj ak vaksen iminoglobulin (RIG). Sa a rele "pwofilaktik apre-ekspozisyon" oswa PEP.

ACO yo, veterinè ak asistan yo, ansanm avèk lòt moun ki te gen kontak souvan avèk bèt ki pèdi oswa bèt sovaj ta dwe panse sou resevwa vaksen kont laraj anvan ekspozisyon an.


## Anpeche Laraj



Asire ke bèt domestik ou pran vaken. Daprè lalwa, tout chen ak chat dwe vaksinen apre yon sèten laj.



Evite kontak avèk tout bèt sovaj yo ak nenpòt bèt ou pa konnen. Pa manyen bèt ki malad oswa blese bèt sovaj.



Byen fèmen kouvèti poubèl yo epi pa kite manje bèt yo deyò. Sa ap kenbe bèt yo lwen lakay ou.



Pale avèk yon ekstèminatè oswa kontraktè sou pwoteje kay ou kont "chov-sourit".

## Nimewo Telefòn Enpòtan yo

- Rapò Konsiltasyon ak Maladi Maine CDC: (800) 821-5821
- Laboratwa Tès Anviwonmantal ak Sante : (207) 287-2727
- Veterinè Eta: (207) 287-3701

Sant Repatisyon Gad-Chas (disponib 24/7):

- Augusta: (800) 452-4664
- Bangor: (800) 432-7381
- Houlton: (800) 924-2261

Ou ka vizite tou [www.maine.gov/dhhs/rabies](http://www.maine.gov/dhhs/rabies) pou w jwenn plis enfòmasyon.